



Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LEKÒL AK SANT INIVÈSITE NAN TOUT ETA A PRAL RETE FÈMEN PANDAN TOUT RÈS ANE AKADEMIK LA

Mande lekòl ak inivèsite yo pou kreye plan re-ouvèti ki repanse etablisman yo ki gen pou jwenn apwobasyon nan men eta a

Eta a ap fè patenarya ak Kate Spade New York Foundation ak Crisis Text Line pou bay Sèvis Sipò Emosyonèl 24/7 pou travayè ki nan premye liy yo; Travayè yo ka voye tèks NYFRONTLINE bay 741-741

Depatman Sèvis Finansye a egzije konpayi asirans sante Eta New York règlemante yo pou anile depans ki fèt ak lajan nan pòch yo pou sèvis sante mantal pou travayè esansyèl ki nan premye liy yo

Anonse nouvo efò sible pou redui plis kantite nouvo ospitalizasyon chak jou yo

Senk nouvo sant tès sou volan ouvri kounye a nan konte Monroe, Erie, Broome, Niagara ak Oneida

Konfime 3,942 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 308,314; gen nouvo ka nan 48 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke tout etablisman lekòl K-12:ak inivèsite yo nan tout eta a pral rete fèmen pou rès ane akademik la epi pral kontinye bay aprantisaj a distans pandan moman sa a. Lekòl yo pral gen obligasyon pou kontinye pwogram repa ak sèvis gadri pou travayè esansyèl yo. Eta a pral pran yon desizyon sou pwogramasyon lekòl dete a rive fen me.

Gouvènè Cuomo mande tout lekòl ak kolèj yo tou pou kreye plan re-ouvèti ki repanse etablisman lekòl yo nan pran an kont pandemi COVID-19 la. Plan sa yo dwe konsidere kijan lekòl yo ka kontwole pwopagasyon COVID-19 la; kijan pou ranfòse sekirite elèv; kilè ak kijan pou reprann aktivite paraskolè yo; pwotokòl pou gwoup elèv espesyal yo; mezi pou asire sante mantal elèv; kalandriye akademik altènatif, ak lòt konsiderasyon. Eta a ap revize ak apwouve tout plan yo.

Gouvènè a te anonse tou ke eta a ap fè patenarya avèk Kate Spade New York Foundation ak Crisis Text Line pou bay sèvis sipò emosyonèl 24/7 pou travayè swen sante ki nan premye liy yo. Travayè sa yo ka voye tèks NYFRONTLINE bay 741-741 pou jwenn aksè ak sèvis sipò emosyonèl sa yo.

Gouvènè a te anonse tou ke Depatman Sèvis Finansye Eta a pral egzije konpayi asirans sante Eta New York règleman yo pou anile depans pataje yo, ki gen ladan dediktib, ko-peman ak ko-asirans pou sèvis sante mantal nan rezo a pou travayè esansyèl premye liy New York yo pandan COVID-19 la. DFS pral pibliye tou yon règleman dijans pou entèdi konpayi asirans yo enpoze depans pataje pou telesante ak pou sèvis yo bay an pèsòn pou sante mantal atravè founisè ki nan rezo a sou baz pasyan ekstèn pou travayè esansyèl ki nan premye liy yo pou teste yo nan youn nan sit tès COVID-19 sou volan oswa an pèsòn.

Gouvènè a te anonse tou nouvo efò sible yo pou redui plis kantite nouvo ospitalizasyon yo chak jou, ki rete estab nan anviwon 1,000 pandan plizyè jou pase yo. Nouvo efò sa a pral rasanble enfòmasyon ak done anplis nan lopital yo sou moun ki ospitalize pou COVID-19, ki gen ladan si yo se travayè esansyèl, kote y ap travay, kijan yo fè trajè a, ki kote y ap viv ak lòt enfòmasyon demografik. Enfòmasyon ak done espesifik nan lopital yo pral itilize pou vini ak yon nouvo estrateji ki pi byen monte pou redui nouvo ospitalizasyon chak jou yo.

Gouvènè a te anonse tou senk nouvo etablisman tès sou volan ki te louvri epi ki aktyèlman ap aksepte pasyan nan konte Montroe, Erie, Broome, Niagara ak Oneida. Rezidan ki ta renmen teste nan etablisman sa yo dwe pran yon randevou lè yo rele 888-364-3065 oubyen anliy sou [covid19screening.health.ny.gov](https://www.covid19screening.health.ny.gov). W ap jwenn enfòmasyon sou lokal nouvo etablisman sa yo anba a:

- **Konte Niagara:** Niagara County Community College, 3111 Saunders Settlement Rd, Sanborn, NY 14132
- **Konte Erie:** Buffalo Sabres Lot, 125 Perry Street, Buffalo, NY 14204
- **Konte Broome:** Binghamton University - Event Center (Lot F/F3)
- **Konte Monroe:** Monroe County Community College, 1000 E Henrietta Road, Rochester, NY 14623, Lot G
- **Konte Oneida:** Griffiss International Airport, 592 Hanger Road, Rome NY, 13441

"Li enpòtan pou nou pwoteje elèv nou yo kont viris sa a epi konsidere sikonstans aktyèl nou ye a, nou pa kwè li posib pou nou mete prekosyon ki nesesè yo anplas ki ta ka pèmèt re-ouvri lekòl yo pou ane akademik sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Tout lekòl ak inivèsite yo pral kontinye bay aprantisaj a distans, livrezon manje ak sèvis gadri pou rès ane lekòl la. An menm tan, nou vle lekòl yo kòmanse devlope yon plan pou re-ouvri avèk nouvo pwotokòl ki entegre tout bagay n ap fè nan sosyete a nan moman an ak tout bagay nou te aprann nan pandemi sa a. Sa difisil pou tout moun men pwofesè nou yo nan tout eta a te fè yon gwo travay nan enlike yo pou fè tout sa yo kapab nan sitiasyon sa."

Finalman, Gouvènè a te konfime 3,942 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 308,314 ka konfime nan Eta New York. Nan total 308,314 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,204	39
Allegany	35	0

Broome	299	15
Cattaraugus	49	2
Cayuga	51	3
Chautauqua	35	2
Chemung	123	1
Chenango	99	1
Clinton	61	2
Columbia	202	32
Cortland	28	0
Delaware	61	0
Dutchess	3,002	48
Erie	3,481	162
Essex	28	0
Franklin	15	0
Fulton	75	4
Genesee	154	1
Greene	139	8
Hamilton	3	0
Herkimer	60	2
Jefferson	61	0
Lewis	9	0
Livingston	73	4
Madison	139	8
Monroe	1,478	37
Montgomery	54	1
Nassau	36,161	307
Niagara	440	20
NYC	169,690	2,212
Oneida	451	12
Onondaga	860	28
Ontario	91	1
Orange	8,751	101
Orleans	92	3
Oswego	64	1
Otsego	67	0
Putnam	990	20
Rensselaer	298	11
Rockland	11,812	104
Saratoga	358	4

Schenectady	514	13
Schoharie	43	1
Schuyler	7	0
Seneca	41	2
St. Lawrence	176	3
Steuben	216	0
Suffolk	34,037	373
Sullivan	880	42
Tioga	90	2
Tompkins	128	0
Ulster	1,298	19
Warren	182	6
Washington	170	22
Wayne	71	0
Westchester	29,232	262
Wyoming	68	1
Yates	18	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)